



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM SÈVIS LEGAL POU EDE IMIGRAN KI FÈK RIVE YO NAN VIL NEW YORK.**

***Eta New York angaje 3 milyon dola nan finansman pou ede sèvi bezwen asistans imedya ak alontèm imigran ki fèk rive nan Vil New York yo***

***Biwo Eta NY pou Nouvo Ameriken yo ap administre twa sibvansyon pou asire gen sèvis legal gratis ki disponib pou imigran ki fèk rive yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse lansman twa nouvo sèvis lelegal ki vize asiste plizyè milye imigran ki te rive nan Vil New York ane sa. Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo (Office for New Americans, ONA) ap administre yon total 3 milyon dola sou twa zan pou bay imigran k ap rive nan Vil New York yo sèvis ak asistans ki lye ak imigrasyon, gratis pou ranpli aplikasyon ki enpòtan ak konparisyon ki obligatwa yo. Anons lan apiye angajman Gouvènè Hochul pou ede nouvo imigran yo lè li sipòte yo nan tout pwosesis imigrasyon yo.

"Eta New York te toujou yon limyè espwa k ap akeyi imigran ki fèk rive yo ak pwomès pou opòtinite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè li ba yo zouti ak resous legal yo bezwen pou pwospere, Eta New York ap kontinye leve sila yo k ap eseye konstui yon lavi miyò pou tèt yo ak fanmi yo."

Pwogram sa, ki jere pa Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo (ONA), ap bay imigran k ap rive nan Vil New York yo sèvis ak asistans ki lye ak imigrasyon, gratis pou ranpli aplikasyon ki enpòtan ak konparisyon ki obligatwa yo. ONA ap angaje 3,000,000 dola touswit nan finansman sibvansyon sou yon peryòd twa zan pou bay sèvis legal pou imigran gratis sa yo atravè twa òganizasyon kominotè sa yo:

- Sèvis Kominote Charite Katolik (Catholic Charities Community Services, CCCS), Achidyosèz New York
- Gwoup Asistans Jidisyè New York (New York Legal Assistance Group, NYLAG) la:
- Repons Kolaboratif Defansè Imigran (Immigrant Advocates Response Collaborative, I-ARC)

Twa founisè sa yo, ki deja ap fonksyone nan rezo òganizasyon san bi likratif ONA yo, te sou teren an depi kòmansman arive imigran resan yo nan Vil New York pou bay ekspètiz nan bay epi kowòdone sèvis legal yo.

Nouvo sibvansyon yo ap devlope kontra ki egziste yo ak founisè sa yo epi konstui kapasite yo imedyatman pou sipòte sèvis kontini yo pou asire ke bezwen legal nouvo arivan yo abòde nan fason ki ijan epi sipòte pandan tout pwosesis imigrasyon an. Resous sa yo ap ede plis imigran pi rapidman ak aplikasyon pou azil yo ak lòt kesyon legal ki lye ak imigrasyon ki enkli pou bay sèvis reprezantasyon pou nouvo arive yo.

**Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Sekirite ak byennèt imigran k ap vini nan eta nou an se yon priyorite paske moun ak fanmi yo twouve tèt yo nan tèritwa ki pa fanmi ap eseye aklimatè yo ak yon mond ki toutafè nouvo. Finansman siplemantè sa pou sèvis legal yo ap ede patnè nou yo ede popilasyon imigran k ap vini yo konprann epi fonksyone nan divès pwogram gouvènman yo vize pou ede yo. New York te toujou yon kiote ki akeyan pou moun toupatou nan mond lan. Se sa ki fè eta nou an yon kote dinamik epi kiltirèl pou moun ye."

Atravè founisè legal ONA yo, CCCS ak NYLAG ki egziste yo, imigran ki fèk rive yo ka gen aksè nan sèvis legal gratis ki enkli men ki pa limite ak: chanjman adrès; chanjman lokal; aplikasyon pou asil; èd nan dokiman otorizasyon travay (EAD); ak defans kont depòtasyon.

Anplis, nouvo inisyativ sa ap ranfòse efò kowòdinasyon ak fòmasyon I-ARC, ki bay sipò teknik pou òganizasyon legal k ap asiste nouvo arivan yo, oryantasyon legal pou volontè yo, epi fasilite pataj enfòmasyon ant founisè legal yo ak kominote imigran an. Ap rekrute epi sipòte avoka volontè pro bono yo pou bay kapasite ak asistans legal siplemantè pou nouvo arivan yo, ansanm ak rekòmandasyon pou sèvis ki pa legal.

Efò kowòdone sa vize reponn ak bezwen grav nouvo moun ki rive yo nan Vil New York, kote anpil nan yo ap chèche azil. Jan sa ye kounye a, depi yo ranpli yon demann pou azil nan gouvènman federal la, aplikan an pa kalifye pou otorizasyon travay jiskaske aplikasyon pou azil li a genyen 180 jou an atant. Men, yon moun ki aplike pou azil ka aplike pou dokiman otorizasyon travay, 150 jou apre li depoze aplikasyon pou azil la pou pèmèt li gen posiblite pou resevwa apwobasyon otorizasyon travay nan dat 180 jou a. Depi li resevwa apwobasyon EAD a, y ap pèmèt li chèche travay pou sipòte tèt li ak fanmi li.

**Manm Asanble Catalina Cruz te deklare,** "Pa t janm gen yon pi gwo bezwen pou sèvis legal imigran nan New York. Pandan nouvo Ameriken ap rive nan gran Eta nou an soti toupatou nan mond lan, New York ap kontinye yon flanbo lespwa ak imanite. Mwen kontan anpil paske Gouvènè a angaje yon lòt 3 milyon dola siplemantè pou ede abòde dosye aryere ki deja egziste yo epi ede imigran yo sekirize sèvis legal yo pou yo ka kontinye rele New York lakay yo."

**Monsenyè Kevin Sullivan, Direktè Jeneral, Charite Katolik, te deklare,** "Gwo vag moun k ap chèche azil nan New York pandan si mwa ki pase yo te kreye yon defi san presedan. Epi, yon lòt fwa ankò, New York te demontre lidèchip li nan akeyi nouvo moun k ap chèche sekirite ak opòtinite nan Etazini. Gouvènman, òganizasyon kominotè yo, òganizasyon relijye ak moun Nouyòk yo te leve kanpe pou sipòte nouvo vwazen nou yo. Inisyativ sa pa Eta NY pou asire sèvis legal pou sila yo k ap fui vyolans, pèsekisyon ak lòt danje nan pwòp peyi yo pi enpòtan, nesèsè anpil. Yo ta dwe aplodi l ak tout kè. Lonje lamen pa sèlman nan enterè moun ak fanmi ki fèk rive yo, se nan enterè New York tou pou favorize yon eta ki dinamik ak yon ekonomi ki solid."

**Camille Mackler, Direktè Egzekitif Imigran ARC te deklare,** "Nou felisite Gouvènè Hochul pou angajman renouvle sa pa Eta New York pou asire aksè nan reprezantasyon legal pou sila yo ki vini isit la pou chèche pwoteksyon. Lè w mande moun k ap chèche azil pou fè fas ak pwosesis legal pou kont li epi san menm yon eksplikasyon sou egzijans yo dwe reponn yo, se tousenpleman prepare yo pou yo pa reyisi, dezonore prensip ke peyi sa te konstui sou li yo. Nou fyè pou fè pati efò sa pa Gouvènè a pou kontrekare pratik rayisans sila yo ki itilize lavi imen antanke gaj politik, epi olye yo montre ke imigrasyon se pa yon kriz, men yon reyalyte ke nou ka reponn - epi nou dwe reponn - ak konpasyon ak diyite."

**Jodi Ziesemer, Direktè Inite Pwoteksyon Imigran nan NYLAG te deklare,** "Tout imigran k ap rive nan Vil New York pou chèche sekirite kont opresyon politik, vyolans, ak povrete merite sipò legal dekalite ak yon chans pou konstui fondman ki dirab nan peyi sa. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou finansman vital sa pou abòde ijans bezwen legal imigran ki fèk rive yo nan vil nou an. Nou fyè pou fè pati efò Vil New York pou akeyi refijye politik ki soti Venezwela ak Amerik Disid, jan sa te fèt pou Ikrenye ki t ap kouri pou lagè ak Afganistan ki t ap kouri pou efondreman politik. Nou espere ke finansman sa ap sèvi kòm yon egzanp pou kalite angajman ak investisman ki nesèsè pou solisyon alontèm pou kriz imanité sa."

**Frankie Miranda, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, Federasyon Ispanik (Hispanic Federation), te deklare,** "Pandan lòt Gouvènè yo ap jwe jwèt politik ak lavi fanmi k ap rive nan fwontyè nou an, Federasyon Ispanik fyè ke Gouvènè Hochul ap dirije ak valè New York nou yo epi sipòte imigran k ap chèche refij yo. Fanmi k ap rive nan fwontyè a ak nan eta nou an ap pran lafuit kont gè sivil, katastwòf anviwònmanal, vyolans, ak plis toujou. Finansman sa enpòtan pou bay aksè nan sèvis legal k ap ede moun k ap chèche azil yo konplete pakou yo epi finalman gen yon chans pou rele peyi nou an lakay yo san yo pa pè depòtasyon. Federasyon Ispanik pa ka tann pou kontinye patenarya avèk New York pou sipòte epi fasilite imigran yo atravè eta a."

**Murad Awawdeh, Direktè Egzekitif, Kowalisyon Imigrasyon New York (New York Immigration Coalition) te deklare,** Mèsi Gouvènè Hochul dèske ou asire ke moun k ap chèche azil yo gen aksè nan reprezantasyon legal." Lè w ap jere tribinal imigrasyon an pou kont ou, sa ka yon travay prèske enposib pou nenpòt moun, san konte imigran ki fèk rive ak sila yo ki pa pale Anglè, epi ki pa gen eksperyans anvan de sistèm legal Etazini an. San aksè nan reprezantasyon legal, imigran yo gen plis chans pou pèdi

dosye legal yo, epi pou yo depòte yo nan peyi kote lavi ak sibzistans yo toujou menase. Envestisman resan Eta New York nan finansman sèvis legal la se yon premye etap enpòtan pou bay imigran Nouyòkè yo yon chans pou konbat pou atenn reyèlman sekirite ke yo menm ak fanmi yo merite a. Nou pa ka tann pou n kontinye patenarya a pou asire pwoteksyon vwazen ki pi resan nou yo."

Anons jodi a apiye angajman Gouvènè Hochul pou ede imigran k ap vini yo ak finansman ki ogmante. ONA bay apeprè 13 milyon dola aktyèlman nan finansman chak ane pou òganizasyon san bi likratif, founisè kominotè yo pou bay asistans legal pou imigran ki nan bezwen. Rezo founisè legal aktyèl ONA a bay sèvis legal konplè atravè yon modèl reprezantasyon inivèsèl, ki bay reprezantasyon legal pou tout imigran ki gen bezwen sèvis legal.

Nan 2021, pwogram legal ONA yo, ki enkli Konsèy Legal, Sant Opòtoinite - Tribinal Imigrasyon Sivil, nan Nò Eta a, Pwojè Pro Bono, ak lòt inisyativ espesyal yo te asiste plis pase 28,000 kliyan imigran ak depistaj ak konsiltasyon legal gratis, fòmasyon pou Konnen dwa ou, asistans pou aplikasyon imigrasyon, ak lòt sèvis legal gratis.

Pou gen aksè nan sèvis legal sa yo, moun yo ka rele nan Liy Ijans pou Nouvo Ameriken an (New Americans Hotline) nan 1-800-566-7636 pou yo rekòmande yo bay founisè legal oswa klinik legal ki pi pre a. Liy Asistans pou Nouvo Ameriken an fonksyone soti 9:00 a.m. jiska 8:00 p.m., lendi rive vandredi. Tout apèl yo konfidansyèl. W ap jwenn èd disponib nan plis pase 200 lang. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://dos.ny.gov/office-new-americans> oswa swiv ONA sou Twitter nan @NYSNewAmericans oswa Facebook nan <https://www.facebook.com/NYSNewAmericans>.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418